

FEMA KA BEZWEN KONTAKTE OU

FEMA ka rele w, voye SMS, oswa imel ba ou pou fè suivi sou dosye aplikasyon pou èd ak katastwòf.

- Reprezantan FEMA yo ap toujou ba ou non yo, afilyasyon, rezon pou apèl la, nimewo pou retounen apèl la (swa 800-621-3362 oubyen yon lòt) ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan.
- Mesaj SMS ak imel ap gen ladan yo rezon k fè yo kontakte w.
- FEMA ap bezwen verifye kiyès ou ye pou yo pale sou aplikasyon w lan.

Kesyon pou Verifikasyon yo Gen Ladan yo:

- 4 Dènnye Chif Nimewo Sekirite Sosyal Moun ki Fè Demand lan oswa Patnè Li
- Adrès Postal Aktyèl
- Adrès kay ki andomaje
- Nimewo telefòn aktyèl.

FEMA pa p janm mande w lajan pou sèvis li bay yo.



FEMA